

Avi Asirans yo

Pandan tout dire polis ou a, konpayi asirans ou a ka voye lèt ak notifikasyon pou ede ou rete ajou konsènan polis ou a. Nan kèk ka, li nesesè pou voye avi fòmèl nan Avi Anilasyon oswa yon Avi Non Renouvèlman. Gen règ espesifik pou chak sitiyasyon ki enpòtan pou konprann. Kontakte ajan ou la pou diskite opsyon ou yo.

Anilasyon ka rive nenpòt moman pandan dire polis ou a. Mòd chanjman sa nan polis ou a ka fèt sou demann ou oswa Citizens ka gen inisyativ la. Asirè ou la ap ba ou rezon (yo) anilasyon an. Si polis ou a anile (polis ou a ap fini nan dat ki endike nan Avi Anilasyon an, olye de dat ekspirasyon dire polis la jan sa etabli nan paj Deklarasyon polis ou a), si sa aplikab, yon ranbousman prim prorata (prim ki pa touche) ap soti al jwenn ou 15 jou ouvrab apre dat efektif anilasyon an.

Yon non renouvèlman vle di ke polis ou a ap ekspire nan dat polis ou a dire epi asirè ou la p ap ofri ou pou renouvele polis la. Lwa Florida egzije ke yo ba ou yon avi ekri 120 jou anvan eksiprasyon polis la ak yon rezon pou non renouvèlman an. Polis ou a gen dwa pa ka renouvele pou plizyè rezon.

Remak: Si Citizens ofri pou renouvele polis ou a epi ou pa peye kantite ki endike nan fakti renouvèlman an nan dat pou fè sa, ou pa asepte òf pou renouvele polis ou a. Nan ka sa, ou pa renouvele polis ou a e kouvèti Citizens ou a eksipre nan fen dire polis aktyèl ou a.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou

Entènèt nan myPolicy sou

www.citizensfla.com/mypolicy

24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan

866.411.2742

Scan QR code to
report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon.
Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at
www.citizensfla.com/brochures.

La version en Español esta disponible en
www.citizensfla.com/brochures.




Citizens Property Insurance Corporation

866.411.2742

www.citizensfla.com

03/24

Konprann Avi Non Renouvèlman ak Anilasyon yo



Anilasyon

Ou ka anile polis ou a nenpòt moman.

Remak: Si w ap anile yon polis Citizens van-sèlman, ranbousman prim ou a ka sijè a yon sanksyon anilasyon dire kout pou tanpèt.

Gen sitiyasyon tou kote asirè ou la ka anile polis ou a. Nan Florida, *Avi Anilasyon* an pral gen ladan rezon pou anilasyon yo. Si polis ou a anile (polis ou a ap fini nan dat ki endike nan *Avi Anilasyon* an, e non nan dat ekspirasyon dire polis la jan sa etabli nan paj Deklarasyon polis ou a), ou ka resevwa ranbousman prim prorata (ki pa touche) ap soti al jwenn ou 15 jou ouvrab apre dat efektif anilasyon an.

Asirè ou la ka elimine polis ou a pou plizyè rezon, ki gen ladan:

- Non pèman
- Non respè kondisyon souskripsyon yo
- Chanjman enpòtan nan risk ke polis la kouvari



Non renouvèlman

Non renouvèlman se pa menm bagay ak anilasyon. Si ou resevwa yon *Avi Non Renouvèlman* de konpayi asirans ou a, konpayi ou la te deside pou pa ofri pou renouvle polis ou a, e polis ou a ap ekspire nan fen dire polis la. Lwa Florida egzije ke yo ba ou yon avi ekri 120 jou anvan ekspirasyon polis la ak yon rezon pou non renouvèlman an.

Nòt: Si Citizens ofri pou renouvle polis ou a epi ou pa peye kantite ki endike nan fakti renouvèlman an nan dat pou fè sa, ou pa asepte òf pou renouvle polis ou a. Nan ka sa, ou pa renouvle polis ou a, e kouvèti Citizens ou a ekspire nan fen dire polis aktyèl ou a.

Kòm yon asire Citizens, polis ou a ka afekte pa de (2) pwogam inik Citizens, kòm dènye rekou asirè propriyete Florida:

- *Program Depopilasyon (retire) Citizens* – Program Depopilasyon Citizens travay ak patisipasyon konpayi asirans mache prive ke Biwo Regilasyon Asirans Florida apwouve pou “retire” polis Citizens yo. Si yo chwazi Liy Pèsonèl ou a, Citizens ap voye yon avi ba ou pou enfòme ou de tout òf yo. Si ou resevwa yon òf ki pa 20% pi wo pase prim renouvèlman Citizens nan, Citizens pral voye yon avi non renouvèlnan ba ou 45 jou anvan prizanchaj nouvo konpayi a. Nouvo konpayi a tou ap voye yon avi ba ou sou retrè a. Si ou sèlman resevwa òf ki 20% pi wo pase prim renouvèlman Citizens nan, Citizens pral voye yon avi pou enfòme ou *kijan pou pa patisce de retrè a si ou vle kontinye ak Citizens*.

- *Biwo Konpansayon Asirans Propriyete Citizens* – Pwogram konpansasyon an eksploré kouvèti asirans mache prive a pou konsomatè ki kwè ke Citizens se sèl opsyon yo. Ajan yo itilize pwogram sa pou detèmine kalifikasyon anvan yo emèt oswa renouvle yon polis ak Citizens. Konpayi mache prive yo ka voye òf kouvèti ki konparab. Si ou resevwa òf kouvèti sa yo e prim ou an pa 20% pi wo ke kouvèti konparab prim Citizens nan, Citizens p ap ka emèt oswa renouvle polis ou a. Kliyan aktyèl ki resevwa yon òf kouvèti ki pa reponn a kritè kalifikasyon yo pral resevwa yon avi non renouvèlman de Citizens anviwo 45 jou apre polis yo a ekspire.

Si ou resevwa yon avi non renouvèlman oswa anilasyon epi ou gen kesyon, kontakte ajan ou la pou diskite de opsyon ou yo. Ajan ou la se pi bon sous enfòmasyon si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan asirans ou a.

